

P L
5179
S28
T52
1922
MAIN

UC-NRLF



B 4 229 019

UCB

TJARIJOSIPOEN

SENDANG ING TAWOEN

ANGGITANIPOEN

SASTRAMINTARDJA



UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
WEDALAN
BALÉ-POESTAKA

P. DUCRO. UITV.

Exchange from
Balai Pustaka
11-7-49

TJARIJOSIPOEN
SENDANG ING TAWOEN

ANGGITANIPOEN
SASTRAMINTARDJA.



WEDALAN
BALÉ-POESTAKA
1922.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

RDUCRO. UITY.

52916418✓

PL5179
S28752
1922
MAN
KATJA.

ISINIPOEN SERAT POENIKA.

1. Késah datang doesoen Tawoen. 1.
2. Sendang ing Tawoen 3.
3. Koeboeran Setana (Plémbangan) 5.
4. Kekésahan datang doesoen Sélapoera 5.
5. Késah datang doesoen Tawoen ingkang kaping II. . 6.
6. Tjarijosipoen Kiageng Ketawang, Radèn Sinarawita,
Radèn Lodradjaja lan Hastjarja 8.



Tambangan ing lèpèn Madioen, (margi saking Ngawi dateng Bodjanegara).

I. KÉSAH DATENG DOESOEN TAWOEN.

Nalika dinten Slasa-Pon tanggal kaping 10 woelan Besar taoen 1847, oetawi tanggal kaping 25 woelan September taoen 1917 wantji djam tiga sijang, koela merlokaken késah dateng doesoen Tawoen, kalebet wewengkon kaonderan Karangtengah distrik Dera kita Ngawi. Wosing sedya badé njatakaken kawontenanipoen sendang Tawoen ingkang kanggé papan panjadrananipoen tetijang ing doesoen ngrikoe saben woelan Soera kaleres dinten Anggarakasih (Slasa-Kliwon).

Lampah-koela saking aloen-aloen mangalèr, doemoegi peken Soré ménggok mangétan sakedik noenten ngéntjèng ngalèr ngétan, doemoegi salèring kantin ménggok mangétan nglangkoengi tangsi andjog ing lèpèn Madioen. Wonten ingrikoe njabrang noempak baita tambangan kagoenganipoen Kangdjeng Goepermèn ingkang sampoen kasadjakaken kanggé sinten kémawon ingkang mesthi langkoeng. Sadangoening koela noempak baita, méngo mangalèr soemerep tempoeraning lèpèn Sala kalihan lèpèn Madioen, sarta kapernah podjoking lèpèn tempoeran sisih kidoel-kilèn katingal grija gedong kamar-bolah Concordia. Doemoegi sabrang wétan ngantjik doesoen Ngawi, oegi sampoen kalebet laladan kaonderan Karangtengah; doesoen Ngawi poenika sitinipoen kagolong siti gamping.

Saking doesoen ngrikoe lampah-koela ladjeng mangétan leres. déné radinanipoen minggah, watawis 500 mèter tebihipoen saking pinggiran lèpèn sabrangan waoe doemoegi radinan pratigan sate-ngahing boelak kilènipoen doekoeh Ngantroe. Wondéning sakiwa-tengening radinan pratigan poenika siti koeboeran Tjina. Lampah koela noenten njimpang ngidoel-ngétan andjog doekoeh Sadang.

Menggah tetijang ing doekoeh Sadang ngrikoe panggesanganipoen sami damel témpé, wonten oegi satoenggal-kalih ingkang saged damel toemboe oetawi sanès-sanèsipoen bangsa anaman deling.

Wiwit saking doekoeh Sadang ngétan leres, watawis 200 mèter tebihipoen radinan ingkang koela langkoengi, kinten-kinten sitinipoen inglebet growong, sabab njoewanten doeng-doeng. Sadang ngétan doemoegi doekoeh Katangan, mangétan malih andjog doekoeh Prandon. Menggah sakiwa-tengening radinan salebeting doekoeh Sadang sapangétan doemoeginipoen doekoeh Prandon poenika sitinipoen nadah oedan, katàh tegilan sarta sabin-sabin ingkang boten kataneman (bera) kalanipoen mangsa ketiga. Doemoegi doekoeh Prandon wonten radinan pratigan ingkang ngidoel

SENDANG ING TAWOEN.

andjog doekoeh Tjereng, wonten pratigan ngrikoe lampah-koela ngalèr ngétan sakedik, nglankoengi grija kaonderan Karang-tengah, kaleres salèring radinan, lampah-koela taksih ngalèr-ngétan, sareng doemoegi radinan prasakawanan sawétaning doekoeh Poendjoel ladjeng ménggok ngalèr mlebet doesoen Tawoen, mangalèripen notog radinan pratigan ladjeng ménggok ngétan sakedik teroes ménggok ngalèr leres andjog ara-ara pangénan. Wonten ingrikoe katingal pernahing sendang, kawah kekadjengan-ipoen ingkang ageng-ageng ajom sanget, koela gegantjangan moeroegi, leres poenika sendang Tawoen, datang koela ingrikoe sampoen djam $4\frac{1}{4}$, koela kapeksa ngaso sakedap. Déné wijaring sendang wonten 15 mèter pasagi, kekadjengan ingkang angajomi wonten ngrikoe kapétang kawah witipoen djambet oegi wonten sanèsipoen, kadosta gajam, djatos, ségon.

Telenging sendang doemoenoeng podjok sisih lèr-wétan, wijari-poen ± 0.80 mèter, tojanipoen bening sanget, oebalaning toja boten ketawis babar pisan. Menggah isinipoen sendang namoeng oelam alit-alit sarta boeloes.


OELAM SALEBETING SENDANG.

Oelam ingrikoe gigiripoen mawi doemoek tjemeng agengipoen sadélé-délé sarta boten gadah adjrih (giras) datang tijang, tandanipoen sareng koela njegoer ing sendang kawah sanget oelam alit-alit moeroegi njakoti kèntol pating tjretil, saking kawahipoen bebasan njéndol (ndawet kaja dawet) lebeting sendang ± 0.60 mèter.

BOELOES.

Salebeting sendang ngrikoe boeloesipoen warni kalih, ingkang doemoenoeng salebeting teleng, kèpèting batok wingking mawi belang petak ngiwa-nengen, déné ingkang doemoenoeng sadja-wining teleng loegas tanpa belang petak; makaten malih kados sampoen kalebet pérangan pijambak-pijambak. Awit sareng koela soemerep lampahing boeloes poenika, ladjeng kémawon koela toembas sekoel lawar kanggé makani, namoeng perloe badé njatakaken panggagasing batos, wasana sareng koela kepjoeri sekoel kapernah teleng, ingkang poeroen neđa namoeng boeloes belang, boeloes loegas kèndel mangoek-mangoek padas pipining teleng. Kirang mareming manah, koela ngepjoeraken malih datang tengahing sendang, ingrikoe boeloes loegas pating gramang moeroegi, sarta ingkang belang oegi ladjeng medal saking teleng moeroegi toemoet neđa, marambah-rambah anggèn koela njatakaken inggih makaten kémawon.

GAMBAR KITA NGAWI



2. SENDANG ING TAWOEN.

RERESIK LAN WILOEDJENGAN.

Sendang Tawoen poenika doemoenoeng sapinggiring kradjan doesoan sisih wétan, papanipoen kalebet siti paredèn, wondéning tojanipoen miteloengi sanget datang kabetahanipoen tetijang ing doesoan ngrikoe, sabab kadjawi kanggé pangombèn, ilining toja saged loemèbèr ing pategilan sarta datang pasabinan. Mila tetijangipoen sami roekoen reretik salebeting sendang, mboetjali godonging kekadjengan ingkang sami dados oewoeh (rereged), soepados lampahing toja saged saé (adjeg). Oetawi malih oepami boten makatena, koela poeroen mestèkaken sendang ngrikoe dados pawoehan, toja boten saged mili, langkoeng-langkoeng badé noewoehaken sesakit.

Mangsoeli bab reretik sendang; saben taoen tetijang doesoan ngrikoe jèn njadran mesti datang sendang, ngiras ngresiki salebeting teleng. Menggah ingkang kadjibah reretik ing lebeting teleng poenika, amoeng mendet tijang toeroenipoen ki Ageng Ketawang, sabab tijang ingkang pantjèn dédé wadjibipoen (toeroenan ki Ageng) boten wonten ingkang poeroen, kilap sabab saking poenapa, koela tlisik-tlisik namoeng saking adjirih.

Kalanipoen njadran poenika mesti nganggé sadjèn (isarat) goenoengan, opak, tapé, rangrangginan, teboe keretan dipoensoendoeki toetoès ladjeng katantjepaken ing wewangoenan ingkang minangka goenoenganipoen; panggang ménda kendit, panggang pedèt, badèg (doedoeh tapé ketan).

Djoeroe silem ingkang kadjibah ngresiki salebeting teleng, bilih badé silem mawi prabot satjaraning pangantèn kadaoepaken, badan sakodjoer binorèhan, soemping, tjoendoek sesekaran, gelangan, kelat-baoe ingkang kadamel djanoer, nanging namoeng sroewalan kémawon; njangking lantingan énggal isi badèg, tjoetjoek lan endasing lantingan tinoetoep rapet.

Katjarijos lantingan poenika ladjeng kabekta silem ing teleng, wonten inglebet lantingan dipoenpetjah, mantjoengoelipoen djoe-roe silem mbekta rereged saking dasaring teleng, kadosta: koekoesan amoh, toemboe amoh oetawi sanès-sanèsipoen.

Patrap makaten waoe ngantos rambah kaping kalih sarta langkoeng. resiking teleng sendang mitoeroet sapamanggihing djoeroe silem. Sasampoenipoen makaten, djoerce silem nandoekaken temboeng panarimah datang para tetijang boemi anggènipoen sami roekoen merlokaken reréntjang saha tetoeloeng resiking sendang.

Djoeroe silem ladjeng mantoek sakedap, wangsoel sampoen menganggé barès satataning tijang gadah damel.

Kapernah sawétaning sendang wonten taroep wijar sarta pandjang, papan panggénan ambeng isi sekoel oetawi wowohan badé kanggé kendoeri.

Wondéning ingkang ngoedjoepaken oegi djoeroe silem, kaleresan sanget déné pijambakipoen ingkang dados loerahing doesoén Tawoen.

Sadjèn (isarat) warni goenoengan, bilih sampoen kendoeri ladjeng kanggé rojokaning ngakatah, ingkang masti laré-laré angèn. Panggang ménda sarta panggang pelet dipoeniris-iris kaedoen radin datang tetijang siti ngrikoe

Mangsoeli kalanipoen djoeroe silem toemandang ngresiki teleng, katah sanget laré nénéman doesoén sami njemploeng ing sendang sarta djedjogédan njepengi sabet gagang otok oetawi ojed-ojodan ingkang woled-woled, kanggé sabetan kalihan kantjanipoen pijambak-pijambak. Laré-laré ingkang sampoen tetak nganggé sroewal, sanèsipoen sami woeda, rahi badan sami dipoenpoepoeri endoet petak ingkang doemoenoeng salebeting sendang kapernah sakidoeling teleng, mawi taboehan: angkloeng, kenong alit, kempoel saha kembang. Katah tetijang saking mantja doesoén sami merlokakan ningali; sandang-panganggènipoen boten ngèmpèri jèn badé ningali, prasasat ngedegi damel mantoe.

Wiwit djam pitoe éndjing sadaja sadjèn-sadjèn, panggang saha ambengan sampoen sami katata ing padoenoenganipoen pijambak-pijambak; djam 8 tapoek ngresiki ± djam 11 sijang wiwit kendoeri, djam 12 sijang bibaran.

Watesing sendang ingkang sisih kidoel, tengah leres dipoensoedat minangka oeroenganing toja mili mangidoel andjog pantjoeran.

Pantjoeran poenika papan padoesanipoen tetijang ing doesoén ngrikoe. Menggah tijang djaler sarta tijang èstri panggènanipoen boten noenggil, tijang djaler sisih kilèn, tijang èstri pantjoeran sisih wétan.

Salebeting batos koela ngalembana datang tetijang ing doesoén ngrikoe, anggènipoen sami boten poeroen: adoés, moesoési, oembah-oembah wonten ing sendang. Wondéning kekadjengan ingkang ngajomi pantjoeran waoe, boten béda kados kekadjengan pangajomaning sendang.

Woetah-woetahaning toja pantjoeran mili mangidoel andjog baloembang ingkang langkoeng wijar tinimbang sendang; inggih poenika papan panggoejangan radja-kaja. Ing ngatasing panggoejangan papanipoen katingal resik, sarta dasaring siti padas, mila gandanipoen boten banger, sakidoel-kilèning panggoejangan tanggoelipoen kasoeat, tojaning oeroehan mili ngidoel-ngilèn, oeroet pager péumahan tegilanipoen tetijang doesoén.

Kawoeningana wiwit saking panggoejangan doemoegi saoroeting kalèn oeroehan katahing boeloes loegas tanpa pétang, sami ngrambjang ing toja, wonten oegi ingkang saba ing daratan saking tjatjarjosanipoen tetijang siti, boeloes-boeloes poenika

boten wonten poeroen memangsa koetoeck, mandar damel kaeontengan awit saking tiganipoen.

3. KOEBOERAN SETANA (PLÉMBANGAN).

Nalika koela datang ing pantjoeran wantjinipoen djam 5 sonten, noenten adoos. Sabibaring adoos, ladjeng késah ngalèr-ngétan minggah datang ara-ara pangénan, sawétaning ara-ara ketingal padjatosan sarta kadjeng sanèsipoen ingkang ageng-ageng. Sareng koela poeroegi, salebeting padjatosan poenika koeboeran kalebet wewengkon doesoén Tawoen, naminipoen koeboeran Setana (Plémbangan).

Salebeting koeboeran poenika namoeng wonten grija (tjoengkoep) gedong satoenggal, kajoman wit pakis ageng sanget, sarta wit semboja woengoe lan petak. Katah tetijang sami langkoeng ingrikoe ingkang badé adoos oetawi ngangsoe ing pantjoeran nanging boten wonten ingkang soemerep sinten ingkang soemaré ingrikoe. Koela takèn-takèn meksa boten saged angsal katrangan ingkang goematok, dados dapoer tanpa damel.

Sareng sampoen wantji djam 6.50 sonten, koela kepeksa mantoek, selak kasapoeting daloe. Doemoegi ara-ara pangénan koela njawang redi Lawoe katingal tjetja, kapernah kidoel-kilèn. Déné doesoén Tawoen sinawang saking ara-ara ngrikoe katingal leqok, saha ningali keteling wit klapa sakalangkoeng asri, wohipoen ndados, sadaja pekarangan ingrikoe mesti wonten witipoen klapa toer saé-saé. Sarèhning lampah-koela nglangkoengi grijanipoen loerah Tawoen, dados koela merlokaken mampir sakeqap, kepéngin soemerep sinten ingkang soemaré ing tjoengkoep gedong Setana waoe. Dateng-koela ing grijanipoen loerah sampoen djam pitoe daloe, kaleresan loerah wonten ing grija. Sasampoenipoen satata linggih tepang-tinepang, koela noenten pitakèn sinten ingkang soemaré ing Setana ngrikoe. Loerah sagah ngandaraken, saha sadjarwa ingkang wonten Setana ngrikoe leloehoeripoen pijambak, sarta oegi ingkang jasa sendang sarta pantjoeran kaseboet ngadjeng. Dèrèng ngantos kaandaraken koela pamit mantoek, semadosan béndjing éndjing kémawon kaladjengaken, pijambakipoen najogjani lan njagahi.

4. KÉKÉSAHAN DATENG DOESOEN SÉLAPOERA.

Sareng dintenipoen Rebo sijang, koela njidrani pradjangdjian, boten saged datang ing Tawoen, kapambeng ing padamelan, nanging koela kepeksa kèngkènan laré mbekta serat ngabari sandéning datang-koela, pradjangdji malih dinten Kemis mesti datang. Ing dinten Rebo poenika wantji djam $\frac{1}{2}$, $\frac{3}{4}$ siang koela merlokaken késah datang doesoén Sélapoera, saking kiya tjelak sanget, kaleres sakiléning lépèn tempoeran.

Bidal-koela medal peken Soré ladjeng mengalèr leres, nglankoengi peken ageng, doemoegi sakidoeling klentèng ménggok mangétan; wonten ngadjeng grija pagantosan ménggok ngalèr andjog lèpèn Sala, ingrikoe ladjeng noempak baita njabrang ngalèr, mentas ing daratan ngantjik doekoeh Ngoenengan, lampah-koela oeroet pinggiring lèpèn, ngalèr-ngétan, oegi nglankoengi tempoeran. Sitinipoen ing doesoén ngrikoe kalebet siti gamping. Doemoegi doesoén Sélapoera katah ara-ara sami dados djoerang, awit dipoendoeboek kapendèt sélanipoen kaobong kanggé gamping oetawi kawoer. Tetijang siti pandamelanipoen warni-warni; wonten ingkang ndoeboek séla, damel krandjang wadiah gamping [kawoer], djoeroe njatangi baita amot gegramèn [dagangan] kabekta dateng Padangan, Tjepoe saeroetipoen.

Kita Ngawi poenika alit, nanging ardja, djalaran saking katahipoen tijang gegramèn. Barang-barang dagangan saking Madioen, Panaraga toewin Magetan wonten ing tambangan Kaliara [Ngoenengan] katampénan baita sanès, kabekta dateng Padangan saeroetipoen, ngantos kirang-kirang, boten naté boebroek.

Lampah dagang mawi baita tetijang ingrikoe mastani „Dagang masaran” awit kapestèkaken salebeting sapeken [5 dinten] sampoen mantoek dateng Ngawi. Miliring baita masaran dinten Paing sijang, wangsoelipoen ing Ngawi dinten Legi sonten. Amila jèn kaleres dinten Legi saha Paing, sabrangan ngrikoe kados palaboehan, oentaping bakoel tjanjak-koelak tanpa oepami katahipoen.

Mangsoeli tjarijos, wonten ing Sélapoera koela ningali sendang alit [belik] tojanipoen bening, ilining toja andjog ing lèpèn. Koela ketjoewan sanget déné boten angsal tjarijos sakedik-kejika bab kawontenaning sendang ngrikoe, papanipoen ajom katah witipoen gajam. Koela boten dangoe ladjeng loemampah mangilèn doemoegi ara-ara pangènan, salèring ara-ara katingal padjatèn nggenggeng moedjoer mangilèn. Wonten ing ara-ara koela madjeng mangétan leres, ningali doesoén Kèrèk sisih kidoel katingal meglik-meglik, boten dangoe noenten sami mantoek. Djam 7 sonten sampoen doemoegi ing sabrangan.

5. KÉSAH DATENG DOESOEN TAWOEN INGKANG KAPING II.

Katjarijos noedjoe dinten Kemis sijang djam 2, koela noehoni djangdji bidal késah dateng Tawoen. Lampah-koela doemoegi radinan pratigan sakilèning doekoeh Ngantroe ladjeng ngalèr-ngétan, boten nglankoengi radinan ingkang sakawit, sabab koela gadah perloe kepéngin soemerep sendang Ngoedal ingkang tojanipoen kasenger pengagenging tangsi Ngawi. Wonten sawétaning doe-

koeh Ngantroe radinan sempal dados kalih, mengalèr leres dateng Bodjanegara, lan mangétan doemoegi ing sendang Ngoedal. Sampoen mesti kémawon koela ladjeng ménggok mangétan njebal ara-ara koeboeran Tjina, boten tebih saking radinan simpangan waoe, koela andjog ing lèpèn Ngantroe, sanalika njabrang, lebetipoen toja namoeng nelesi polok, ingrikoe lampah-koela minggah djoerang noenten ménggok mangalèr doemoegi sendang Ngoedal.

Sendang Ngoedal poenika kinoebengan déning pager kawat ri, kekadjenganipoen ageng-ageng ngajomi sendang, kadosta: kadjeng djohar, wit djamboe wana, gajam sarta randoe wana. Oedalaning sendang ketoetoep ing pandemèn jasanipoen koempeni, wangoenipoen pasagi pandjang, oekoeranipoen pandjang-wijaringgilipoen $2 \times 1 \times 1$ M; ingkang sisih kilèn mawi toetoep kadjeng pasagi $0.80 \times 0.80 \times 0.04$ M. ingkang kadamel blabag djatos, oeroeh-oeroehaning toja mili mangilèn, lampahing toja ingkang dateng tangsi nganggé pipa tosan, sarta kompan mawi pirantos mesin, doenoenging mesin kompan wonten sakilèning lèpèn Ngantroe ingkang koela-sabrange waoe; mesin waoe manggèn ing grija gedong moedjoer ngilèn, ingkang kadjibah tengga sarta nglampahaken mesin oegi koempeni.

Salebaring neningali wonten ingrikoe, koela noenten pitakèn dateng satoenggaling tijang, radinan poendi ingkang saged doemoegi ing Tawoen. Wangsoelanipoen tijang waoe, kapoerih noeroet latjaking maésa, dados njata boten-wonten marginipoen, kadjawi sebalan oeroet ara-ara oetawi galengan tetegilan. Nalika koela loemampah tansah pitakèn dateng tetijang ingkang kapi-noedjon nggarap tegil, nggarap pager pémahan sarta tetijang ingkang sami doedoek-doedoek siti mendet sèla kanggé gamping. Boten dangoe lampah-koela andjog ing radinan moedjoer mangétan inggih poenika kaleres sawétaning poedoenan [helling].

Ladjenging lampah boten béda ingkang roemijin.

Kawoeningana, sadateng-koela ing grijanipoen loerah Tawoen, pijambakipoen boten wonten, déné ing wektoe poenika wonten kamitoewa satoenggal tjarijos dateng koela bilih loerah wiwit éndjing késah nganglang dèrèng mantoek. Nalika loerah badé késah, meling dateng kamitoewa waoe kapoerih nengga, sawantji-wantji koela dateng soepados dipoentedahna ing Poendjer.

Sanalika kamitoewa koela adjak dateng Poendjer, salebeting manah, koela tansah ngalembana dateng saéning beboedenipoen loerah, déné mbijantoe sanget dateng sedyakoela, katjihna anggèning matah kamitoewa.

Saking grijanipoen loerah lampah-koela mangalèr, doemoegi pantjoeran ménggok ngilèn nglangkoengi panggoejangan, sarta ara-ara pangénan, noenten minggah ± 15 M. inggilipoen, doemoegi Poendjer. Dèrèng dangoe anggèn-koela kèndel, loerah dateng

sakantjanipoen poelisi. Wonten ingrikoe omong-omongan sawatawis dangoe loerah njarijosaken angsal-angsalaning nganglang. Rêhning wektoe poenika sampoen kesapoet ing wantji daloe [serap] loerah koela-adjak mantoek datang grijanipoen. Doemoe-gining grija sarta sasampoening satata lenggah aso, koela miwiti pitakèn datang loerah, aloeranipoen sendang sapanoenggilanipoen poenapa déne ingkang sami kakoeboer ing Poendjer sarta ing Setana [Plémbangan].

Sadèrèngipoen loerah ngandaraken bab ing Tawoen, pijambakipoen neda pangapoenten menggah leres-lepat mèmper lan botenipoen tjarijos ingkang badé dipoenandaraken, sarèh-déné pijambakipoen pijambak oegi boten gadah tança-tanda ingkang saged mitajakaken leresipoen datang sanès, makaten malih boten pisan-pisan nedya angoemoek-oemoekaken kawontenan ngrikoe, sabab pijambakipoen toeroen saking ingkang soemaré ing Poendjer.

6. TJARIJOSIPOEN KIAGENG KETAWOENG, RADÈN SINARAWITA, RADÈN LODRA- DJAJA LAN HASTJARJA.

Inkang soemaré ing pasaréan Poendjer poenika, satoenggali ki ageng Ketawang, pernahipoen wonten ngandap kapéring mangilèn, mawi tenger wit pakis sakalangkoeng ageng; satoenggilipoen njai ageng Ketawang, pernahipoen wonten sanginggiling goemoekan sisih wétan.

Katjarijos nalika pandjenenganipoen Kangdjeng Soeltan Padjang mentas arerempon prang kalihan Arija Panangsang ing Djipang, ingkang nemahi séda ing palagan kalihan Patihipoen nama Toemenggoeng Mataoen. Watawis taoen laminipoen, Adipati ing Blambangan mbaléla, boten poeroen karèh déning Narèndra ing Padjang, satemah dados prang.

Sapengkering wadya ing Padjang biðal ngloeroeg datang Blambangan, wantjining daloe Kangdjeng Soeltan nampi wangsit salebeting pasoeopenan. Menggah wasitaning pasoeopenan waoe makaten. Kangdjeng Soeltan boten kepareng oetoesan ndawoehaken bebendoe doemateng kalepataning Adipati Blambangan. Nadyan pandjenenganipoen Narèndra binatara, nanging toemrap ing kalepatan poenika kedah dipoensingkiri roemijin, awit bilih Kangdjeng Soeltan adreng anggènipoen nindakaken bebendoe, namtokaken badé kapitoenan ageng, wadya-bala kañah pedjah, mengsah kañah ingkang ndjarah-rajah. Sareng Kangdjeng Soeltan woengoe, ngoengoen sanget datang pasoeopenanipoen, sarta ing panggalih badé njatakaken, sarèh-déné sampoen keladjeng.

Sigeg wadya ing Padjang ingkang sami loemampah, sadoemoe-ginipoen Blambangan ladjeng nandoekaken pratingkah ingkang

sakalangkoeng sija. Wasana doemawahing prang wadya ing Padjang kasor joedanipoen, ngantos moendoer wantjining daloe, wangsoel datang Padjang. Sadatengipoen ing pradja kaleresan Kangdjeng Soeltan siniwaka pinarak ing dampar kantjana, sinéba para wadya bala. Pangadjenging pradjoerit doeta ingkang wangsoel saking Blambangan, madjeng ing paséwakan moendjoek tiwasing dinoeta, katjah wadya bala ketaton sarta katjah ingkang sami pedjah.

Kangdjeng Soeltan midanget oendjoek atoeripoen pangadjenging pradjoerit tjotjog wasita ingkang pinanggih salebeting pasoepenan. Boten dangoe séwakan kabibaraken.

Anoedjoe ing wantji daloe Kangdjeng Soeltan nampi wasita malih, ing bédjeng jèn wonten laré djedjaka saking doesoén Mataoen nedyas soewita ing ngarsa Naréndra soepados katampia. Endjingipoen sang Praboe dahat gènira ngoengoen.

Katjarijos Kangdjeng Soeltan kagoengan poetra kakoeng satoenggal ingkang boten klebet ing Kraton, adjedjoeloek Radèn Sinarawita. Poetra poenika tansah kelara-lara, sebab boten kaaken poetra déning Sang Praboe. Saking sangeting soengkawa poenapa déné lingsem ing sanès, wantjining daloe Radèn Sinarawita ontjat saking pradja, tindakipoen kaloenta-loenta nasak wana garoemboelan nglankoengi djoerang pèrèng, sanget anggèning misakit sariranipoen. Tindakipoen sangsaja mangétan ngantos doemoegi ing watesing doesoén Tawoen ingkang sisih kilèn, kèndel ing doekoeh Ngoedal.

Noenggil mangsa kalihan lelampahanipoen Radèn Sinarawita, keleres ingkang dados sesepoehipoen doesoén Tawoen, namoeng katelah nami Kiageng Ketawang (Kiageng Mataoen = Tawoen) déné asal saking poendi waoenipoen, boten kasoemerepan.

Kiageng Mataoen, tansah aréka-daja ngoepados oemboel (soember) sageda angsal toja ingkang njekapi toemrap kabetahanipoen tetijang ing doesoén ngrikoe, kadosta: kanggé pangombèn, oembah-oembah lan sanès-sanèsipoen.

Saking sangeting pangoedi, boten kétang sajahing sarira sabab anggènipoen ambrèngkali sèla-sèla, wasana manggih oemboel (soember) sakalangkoeng agengipoen saha tojanipoen bening. Kiageng Mataoen mindak taberi, oemboel waoe ladjeng saged dados sendangi nggih-poenika sendang Tawoen. Pantjoeran Panggocjangan ngantos saged ndjalari saéning panggarap siti, soeboer ingkang sami tinanem.

Kiageng Mataoen, kagoengan poetra djaler satoenggal nama Radèn Lodradjaja, sakalangkoeng bagoes ing warni sarta ramaboe sanget tresnanipoen, wiwit ngoemoer nem taoen sampoen kawoelang ngadji datang pondok satjelakipoen doesoén ngrikoe. Watawis ngoemoer 10 taoen saben daloe koelina njemploeng ing sendang Tawoen natas sedaloe. Lelampahanipoen Radèn Lodra-

djaja makaten poenika boten kawoeningan déning rama-iboe nanging toemrap tetijang ing padoesoenan katah ingkang sami soemerep, sabab kalaning wantji daloe tetijang alit gilir-ginilir nganglang doesoén, soeprandéné ingkang sami soemerep dateng lelampahanipoen Radèn Lodradjaja boten wonten poeroen sadjarwa dateng Kiageng, kanjana sampoen terang saking dawochipoen ingkang rama.

Sareng ndoengkap sakawan tahoen laminipoen Radèn Lodradjaja saben daloe tansah njemploeng ing sendang. Ing satoeng-giling daloe ing sendang ngrikoe wonten soewara djoemegoer. Tetijang satjelaking sendang ingkang kapinoedjon taksih melèk octawi ingkang ngilir, mireng antjering soewara djoemegoer ladjeng sami medal njatakaken, sami mbekta obor sarta tjolok. Doemoegi sendang pating biloeloeng madosi sababing swara. Pinanggihing nalar:

- 1e. telenging sendang éwah saking padatan.
- 2e. kadingarèn Radèn Lodradjaja boten wonten.

Tetijang waoe ladjeng sami wangsoel mantoek dateng grijani-poen pijambak-pijambak.

Endjingipoen wantji djam 9 Kiageng Mataoen tansah ngadjeng-adjeng datengipoen ingkang poetra, kalampahan pitakèn dateng tetijang ingkang sami langkoeng badè dateng peken; wangsoelanipoen ingkang dipoenpitakèni:

- 1e. njarijosaken lelampahanipoen Radèn Lodradjaja, ing saben daloe natas melèk koengkoem ing sendang laminipoen sampoen 4 taoen.
- 2e. njarijosaken ing sendang wantji daloe wonten soewara djoemegoer, pinanggihing sabab:
 - a. wijaring teleng sendang iwah saking padatan.
 - b. déné Radèn Lodradjaja kadingarèn boten koengkoem ing sendang.

Kia eng angsal wartos makaten poenika sanget anggèning boten pitados, nanging rèhné prakawis poenika sampoen kajektèn déning ngakatah (tetijang ing ngrikoe) dangoe-dangoe ladjeng pitados. Sanalika nangis sarta mantoek mertosi dateng Njai ageng, ontjating poetra, poenapa déné tjarijosing ngakatah ingkang sampoen pinireng. Kekalihipoen sami narimah papestènipoen ingkang maha kawasa.

Boten watawis dangoe, rawoehipoen Radèn Sinarawita adamel kagèting Kiageng sakalihan, ngitjalaken kasoeshanipoen mentas kètjalan poetra. Nadjan Kiageng sakalihan dèrèng natè sesrawoengan dateng tamoenipoen ingkang nembé rawoeh soeprandéné boten kekilapan bilih tamoe poenika taksih toerasing ratoe, katitik pasemoning wadana. Atoeripoen Kiageng Mataoen; „doeh anggèr Goesti-koela sang binagoes, soemangga koela-atoeri loe-mebet ing grija lenggah ing ambèn; sampoen manggalih pakè-

wed, boten kalintoe Goesti pandjenengan-dalem ndjoedjoeg grijané poen bapa."

Radèn Sinarawita loemebet ing grija lenggah ngambèn, pangandikanipoen makaten: „Kjai, sampoen kesangeten anggèn sampéjan ndjoendjoeng loehoering badan-koela mindak dados èntjepaning lijan, déné raga-koela kados bangsa soedrapapa, panganggé kados kéré teka sampéjan seboet goesti."

Wangsoelanipoen Kiageng. „Anggèr, poen bapa boten badé pradoeli dateng èntjeping sanès, oetawi boten goemoen risaking boesana saha sarira, djer poen bapa amoeng anoet eninging pamawas. Amila anggèr sampoen noelak atoeripoen poen bapa."

• Pangandikanipoen Radèn Sinarawita; O! inggih kjai, kasinggihan rembag sampéjan, nanging jèn pikadjeng-sampéjan makaten, kados koela badé boten djenak wonten ngriki, mangka saking tékat anteping manah-koela: 1e boten pisan-pisan jèn ta koela nedja nganggèkaken seseboetan loehoer oetawi tetemboengan ingkang aloes-aloes. 2e Kjai nganggepa anak dateng koela, sarta ngitjalana tata-basa, kadjawi koela ingkang mesthi nganggé tata-basa sapantesipoen.

Radèn Sinarawita sanget anggènipoen ameminta dateng Kiageng, wasana Kiageng adjeng nglegani, wangsoelanipoen: „Ija ta gèr, rehning: 1e akoe lan embokmoe wis toewa koerang ing tatakrama. 2e dasaré akoe wong désa, dadi sakabèhing kaloe-poetankoe ngapoeranan. Balik anggèr rawoeh mréné kagoengan kersa apa, lan sapa kekasihmoe sarta poetrané sapa?"

Pangandikanipoen Radèn Sinarawita: O, kjai, sowan-koela amoeng badé ndèrèk titip badan koela satjoewil; nama-koela Sinarawita, déné ingkang ajoga sinten koela boten soemerop, awit ènget-ènget koela sampoen soewita ngèngèr dateng prijantoen kiya, menggah bijoeng-koela pedjah koendoeran nalika ngalahirakan koela, poen bapa babar-pisan boten mireng wertos, kadjawi makaten, sampoen kjai boten perloe kepandjang-pandjang ngrembag bapa koela."

Kiageng Mataoen welas ningali tamoenipoen, satemah skeling panggalihipoen lipoer déning anggèné njawang tetamoe ingkang nedyana ngèngèr. Sasampoenipoen lami wonten ing ngrikoe Radèn Sinarawita dipoenadjak dolan-dolan Kiageng, samargi-margi tansah dipoentjarijosi ing bab kasoeshanipoen ingkang mentas ndatengi, inggih poenika itjalipoen Radèn Lodradjaja, poenapa malih dadosipoen sendang ing Tawoen. Saja lami Radèn Sinarawita ngèngèr wonten ingrikoe, Kiageng sakalihan saja mindak katresnanipoen, boten béda kalihan dateng anakipoen pijambak. Makaten oegi Radèn Sinarawita ngraos dipoentresnani samanten poenika soemedya males katresnan, sarana taberi ing damel, ngantos dados toeladaning tetijang ing doesoan Tawoen Wondéning panggalihanipoen soemrambah dateng tetijang salebetipoen

doesoen sarta ing mantja doesoen, sanget misoewoer ing saénipoen, mila katah para tijang amantja sami alihan grija manggèn sakiwa-tengening doesoen Tawoen. Menggah sadaja sesorahipoen Radèn Sinarawita tansah mboedi kawiloedjengan saha wedaling taneman palawidja.

Katjarijos noedjoe ing mangsa katiga, Kiageng Mataoen kataman sakit bentèr, damel soengkawanipoen Radèn Sinarawita saha Njai ageng, pinten-pinten katahing oesada boten wonten ingkang saged ndjalari sakétja oetawi waloeja. Wiwit Kiageng sakit tetijang ing doesoen ngrikoe tansah gilir-goemantos sami ngelèki natas ing sadaloe-daloenipoen. Saja lami sakitipoen Kiageng saja ngranoehi, satemah dados adjalipoen. Katah tijang tani soegih-soegih ingkang sampoen naté kasripahan nanging boten wonten ingkang kalajat ing tijang katah, kados nalika tilaripoen Kiageng, nadyan tetijang ngamontja oegi katah ingkang sami merlokaken dateng nglajat. Lajon kasarèkaken ing pasaréan Poendjer. Ingrikoe Radèn Sinarawita paring goenging panarimah dateng sanak-kawoelawarga, pawong-mitra toewin tetepangan ingkang sami ngatingalaken sih katresnanipoen sarta soeka pitoeloengan dateng ingkang sampoen soemaré. Pangandikanipoen:

„Doeh sanak pawong-mitra-koela, saha sanak tetepanganipoen bapak Kiageng, soekoer sèwoe, saket i djoemoeroeng, kanthi sanget ing panoewoen-koela, déné sami merlokaken nglajat doemoegining pangoeboer lajonipoen bapak, boten lija saking pangadjap koela, bokmanawi wonten kalepatanipoen soewargi bapak, poenapa malih koela saha simbok Njai, moegi sami paring sih pangapoenten.”

Saladjengipoen sami bibaran.

Saadjalipoen Kiageng sadaja wewatoning padoesoenan Tawoen kawengkoe déning Radèn Sinarawita.

Rinten-daloe Radèn Sinarawita tansah anglelipoer dateng Njai ageng, awit njaiageng kaleres wawrat kawan woelan. Doemoegining wantji, Njai ageng nglahiraken djabang-baji medal djaler, sanget bagoesipoen. Sasampoening resik pangoepe-karanipoen, baji ladjeng kanamakaken Hastjarja.

Lahiripoen Hastjarja bebasan mbekta banda-donja, sabab saking katahing tetijang ingkang sami dateng sarta njoembang katjang, delé, oewos sarta sanès-sanèsipoen. Radèn Sinarawita sakalangkoe tresna dateng Hastjarja. Sareng ngoemoer pitoeng tahoen Hastjarja ladjeng dipoenwoelang ngadji. Kadjawi poenika laré wacé oegi remen sanget dateng lampah kasoetapan, mila sabibaring tetak noenten katoendoeng késah soepados soewita dateng Sang Praboe ing Padjang. Njai ageng najogjani kaleksananing dawoehipoen Radèn Sinarawita dateng ingkang raji Hastjarja, amila ingkang nampi dawoeh matoer sendika, sanalika pamitan.

Dawoehipoen Radèn Sinarawita:

DANDANG-GOELA

1. Ija jaji sira soen lilani,
 nging jwa ndjoedjoeg ngahjantarèng Nata,
 betjik ing Patihan bac,
 ana ing kono bésoek,
 dadalané bisa katampi,
 ing pasoewitanira,
 wong bagoes wroehanmoe,
 bakal lakoenira apan,
 kapinoedjon ing mangsa-kalané jaji,
 ana wawenganira.
2. Wawengané ngawoelantoek margi,
 nanging poma-poma wekasingwang,
 gagasan adjoe-oendoéré,
 pisowanira bésoek,
 nandoekena pamalatingsih,
 kang soepaja katampan,
 jén tinampik rikoe,
 noeli balia kéwala,
 adja kongsi siadi ngisin-isini,
 Hastjarja toer sandika.
3. Ingkang raka angandika malih,
 babo jaji manawa katampan,
 ana ing Padjang ta anggèr,
 poma pamitoengkaskoe,
 adja sira angadi-adi,
 doeh jaji roemangsaa,
 tolèhen awakmoe,
 gedéné ing ngaken poetra,
 weling-ingsoen tékatna sadjroning ati,
 loegoené woŋg ngawoela.
4. Djedjapané wong ngawoela jaji,
 soewitanjar adja ngrasa paŋa,
 kang woes lawas soewitané,
 jèn woes lawas ing bésoek,
 adja maŋa kang dèn pareki,
 jén kaparek ja adja,
 lir santana Praboe,
 jèn ingaken santana jwa,
 soemantana krana santana kang jekti,
 moeng bener lan santosa.

5. Sarta malih wong soewitèng Adji,
adja pisan ngadèken kagoenan,
brana jwa pinotangaké,
kasaktèn adja soemboeng,
ing kasoeran pan adja wigih,
lamoen kerep dinoeta,
sing tanggap asagoeh,
adja pidjer lalawora,
jèn atjegah tata-wijahé lestari,
kandel pangawoelanta.
6. Wadjibing wong soewitèng Narpati,
ikoe amoeng ana rong prakara,
awas lan éling tegesé,
waspadèng bener-loepoet,
élinga mring ala lan betjik,
toeking badan lan lésan,
jèn loepoet kapoegoet,
kabener dadi tengeran,
traping tata kančia empan tanapi,
loenggoehé nganggo papan.
7. Wonten malih kančiné sajekti,
amoeng doega-doega lan watara,
dèn awas ngarep-boeriné,
lali-lali dèn émoet,
salah moena kelawan moeni,
prajoga samantakna,
antaraning semoe,
dèn bisa reksa-roemeksa,
jèn mangkono ing pangira mikantoeki,
antoek rasa santosa.
8. Lah ta jaji nistaning ngaoerip,
mangro-sirah ambendara lijan,
banda soemitra anggepé,
lan karem para wadoel,
madoelaken lepating abdi,
ngalem awak prijangga,
amengkoe sakoetoe,
tan mikir ring kawadjiban,
irèn mèrèn nora woeroeng anglakoni,
dadi nistaning-nista.
9. Madyaning wong ngawoela doeh jaji,
tjakoet-tjikat tandang tabrèng karja,
manoet mitoeroet sapangrèh,

bisa nampani dawoeh,
apa baé gja dèn lakoni,
kanti ledjaring oelat,
narima ing pandoem,
wedi marang wewaleran,
nadyan remèh sapatjoehé dèn singgahi,
apan ing kala-mangsa.

10. Oetamaning ngawoela poeniki,
gemi marang darbèking bandara,
sing bangkit njimpen wadiné,
nastitèkna ing dawoeh,
solah-tingkah angati-ati,
wroeh tanggaping sasmita,
santosa ing kalboe,
jwa mènghèng saking panjoba,
mantep tetep binobot nrang baja-wèsti,
kanti entyarsaning tyas.

Satelasing dawoeh, Hastjarja anjoengkemi pangkonong bijoeng saha ingkang raka Radèn Sinarawita, poenapa déné pamit dateng tetijang ingkang kapinoedjon wonten ngrikoe, noenten bidal dateng Padjang. Sapengkering Hastjarja tetijang ingkang dipoen-pamiti sami mbrebes-mili, kêtang tresnanipoen dateng ingkang késah pados pasoewitan.

Wondéning Njai ageng saha Radèn Sinarawita rintén-daloe tansah anenoewoen dateng Goesti ingkang Moerbèng Bawana, willoedjenging lampah katampia pasoewitanipoen ingkang raji.

Boten katjarijos lampahipoen ing margi, Hastjarja sampoen doemoegi watesing pradja ingkang sisih wétan, pinanggih prijantoen Mantri goenoeng, sami takèn-tinakèn. Mantri goenoeng mireng atoring Hastjarja sakalangkoeng lega asreping panggali, èngèt dawoeh sabdaning Sang Praboe, doek ndangoe asoring djoerit ing nagari Blambangan, pinanggih salebeting pasoepenipoen Mantri goenoeng pijambak, pangoenandikanipoen: „Baja iki wasitaning impènkoe kang ndjalari moenggahing dradjatkoe.” Hastjarja ingatjaranan lerep sawatawis dinten aso wonten grijanipoen Mantri goenoeng. Ingrikoe Hastjarja ngoengoen sanget, traping panjoeba-njoeba, tetedan kalangkoeng étja, patileman pernah. Kèndel tigang dinten Mantri goenoeng ladjeng witjanten makaten: „Anggèr, béndjing-éndjing soemangga bidal dateng nagari, koela sowan-aken, keleresan lerep dateng nagari sadaloe, éndjingipoen ladjeng sowan ndjoedjoeg ing Kapatihan.” Hastjarja inggih najogjani.

Éndjing wantji djam 5 kekalhipoen bidal dateng nagari. Sa-doemoegining kiya ndjoedjoeg ing Kapatihan, nanging rekjana Patih sampoen kaladjeng sowan ing ngarsa dalem. Sanalika Mantri goenoeng saha Hastjarja soemoesoel ing pagelaran. Kaleresan

ing dinten poenika Sang Praboe mijos siniwaka kahaðep para santana, Patih, Boepati saha prajantoen alit-alit.

Sang Praboe ndawoehaken wasita doemateng rekjana Patih, pangandikanipoen: „Kakang Patih, marma sira ingsoen pidji anèng ngarsaningsoen, boja lija ingsoen arsa miðangetaké atoer-anira, apa sira atawa para botjahingsoen boepati najaka boja nampa bakal pasoewitané botjah djedjaka saka dèsa Mataoen kang kairit déning Mantri goenoeng?”

Hoendjoek atoer wangsoelanipoen rekjana Patih: „Doeh Goesti sesembahan kawoela, poen patik atadah dedoea, déné para Boepati najaka poenapamalih kawoela boten nampi palapoeran.”

Saweg kèndel atoeripoen rekjana Patih katoengka pisowanipoen Mantri goenoeng angirid Hastjarja, katampi Boepati ingkang madjibi, pangandikanipoen: „Mengko ta Mantri goenoeng, ana wigatiné apa, déné kowé doemrodjog tanpa larapan ontjat saka padoenoenganmoe kang kalawan ora ana timbalan sarta kanði ngirid botjah djedjaka?”

Atoer wangsoelanipoen Mantri goenoeng. „Koela noewoen inggih kjai loerah, kaparenga koela matoer:

Boepati: „Mara ija kaprijé matoera kang patitis”.

Mantri: „Mila koela kamipoeroen nilar koewadjiban, ingkang boten kalajan dawoeh timbalan, sabab wonten perloening prakawis ingkang radi njamaraken”.

„Bab apa kang koanggep njamaraké?”

„Boten sanés lampahing laré djaka ingkang koela-irid poenika”.

„Apa sababé kosamaraké? Apa botjah koewé kagolong pangareping doerdjana kètjoe?”

„Koela noewoen, inggih boten”.

„La déné kowé maoe matoer samar, sing kosamaraké apané?”

„Koela noewoen makaten kjai Loerah . . . ”.

„Ija kaprijé, mara ndang matoera kaselak kesoewèn”.

„Inggih sandika. Nalika koela nganglang watesing siti bawah kemantrèn ingkang koela wadjibi, wantji sonten djam gangsal, pinanggih laré poenika wonten èrèng-èrèng goemoekan, koela pitakèni wangsoelanipoen: ngaken nama Hastjarja laré saking doesoén Mataoen anakipoen randa nama Njai ageng Mataoen.

Menggah sedyanipoen badé soewita ing ngarsa sampéjan dalem ingkang Sinoehoen.”

„Kaprijé ana kekarepan mangkono koanggep samar? Apa ora loewih samar manèh tinimbang kowé ninggal wadjibmoe, njoewoengaké kemantrènmoe ikoe? Mara pikiren!?”

„Koela noewoen inggih leres, dawoeh pangandikanipoen kjai Loerah poenika, nanging oepami badé saéning sedya waoe béda kalihan njatanipoen, ngantos adamel karisakan tentreming pradja, sabab saking tindak-tandoekipoen laré poenika nasar, poenapa ingkang makaten waoe toemrap ing koela boten nglangkoengi kalepatan tinimbang nilar kemantrèn?”

„O, ja wis ta mantri, anténana ing djaba disik akoe dakmatoer kjai Loerah.”

Rekjana Patih nampi palapoeranipoen Boepati, sanalika kondjoek ing sampéjan dalem ingkang Sinoehoen, sarta saking danganipoen Sang Praboe, mantri goenoeng saha Hastjarja kalilan minggah lenggah satjelakipoen Rekjana Patih, Sang Praboe ndangoe katah-katah dateng ingkang kasowanaken, menggah ing nama, kawidjilan, doenoeng toewin sedya. Hastjarja moendjoek tatas, titis, tètèh ing sawontenipoen, satemah katampi pasowitanipoen goemadoeh dateng ing Kepatihan.

Wondéning Mantri goenoeng, nampi gándjaran kawisoeda dados Boepati goenoeng, madjibi wawengkonipoen lami. Ingkang goemantos Mantri prajantoen saking kiya. Sang Praboe ladjeng imbal-watjana kalihan para abdidalem, sadaja ngiras kanggé ngleledjar panggalih. Kaleresan ing pasowan ngrikoe wonten prijantoen kakalih pangkat Wadana boten minggah-minggah sabab saking sembrananiipoen, poenika sami loetjoenipoen, ingkang satoenggal rembagipoen makaten:

Kabegdjaning Mantri goenoeng koewi, pada baé karo kabegdjankoe jèn akoe nemoe barléjan gedéné sadjagoeng-djagoeng genep ana sakaroeng.”

Satoenggalipoen soemamboeng:

„Ngendikamoe ikoe bener banget, nanging oepama sariramoe bijèn dadi Mantri goenoeng, pangirakoe wi-soedan Boepati goenoeng ikoe toemiba kang sarira.”

„Perloe apa akoe dadi Mantri goenoeng? Ora mangkonoa jèn awaké saiki baé bisa dadi barlijan kaja sing dakoetjapaké maoe, akoe wis trima sarta akoe wis masti dadi wong soegih.”

Ingkang mireng sami goemoedjeng soeka. Sang Praboe kondoeur ngadaton Rekjana Patih mbibaraken paséwakan. Katjarijos Hastjarja dados pangalemaning katah amargi nastiti, ngati-ati ing sabarang damel, gemi, tanggap titis ing sasmita, tjikat-tjakoet ing tandang.

Mila mèh sadaja prijantoen ageng alit sami tresna ing pijambakipoen.

Watawis lami anggèning soewita Hastjarja sowan rekjana Patih, njoewoen pamit badé martoewi tijang sepoehipoen atoeripoen: Hastjarja: „Kawoela-noewoen, abdidalem koela ingkang soewan.”

SENDANG ING TAWOEN.

Patih: „Ija Hastjarja, mara moenggaha mréné, loenggoeha sing kepénak; ana perloemoe apa?”

„Koela noewoen inggih. Sarèhning sampoen sawatawis lami abdidalem koela soewita wonten ing ngarsa dalem, manawi amarengaken abdidalem njoewoen palilah badé toewi tijang sepoeah dateng Mataoen. [Tawoen].”

„O, ija! Mengko ta Hastjarja, adjaa kowé njoewoen pamit tilik, akoe mèh kebandjoer lali.”

„Karsa dalem poenapa?”

„Anoe arep takon, apa bener kowé doewé sadoeloer lanang?”

„Koela noewoen inggih gadah, sadèrèk djaler sa-toenggal, kapernah sepoeah.”

„Sadoeloermoe djenengé sapa, panggawèané apa, lan kira-kira wis oemoer pirang taoen?”

„Namanipoen Sinarawita padamelanipoen tani, ngolah siti tilaranipoen abdidalem poen bapa, mengkah oemoeripoen abdidalem koela, boten saged moendjoek, namoeng kinten-kinten pantesipoen abdidalem koela poenika adinipoen let tiga.”

„Jèn mangkono sadoeloermoe ikoe wis toewa.”

„Koela noewoen, inggih.”

„La nalika bapakmoe tinekakaké ing djandji, koewé wis ngoemoer pirang taoen?”

„Nalika ngadjalipoen poen bapa, abdidalem koela tak-sih wonten wawratan tigang woelan.”

„O, ja wis ta. Kadjaba koewi anggonmoe njoewoen pamit pirang dina?”

„Manawi marengaken, njoewoen 15 dinten.”

„Ija betjik, pangkatmoe kapan?”

„Inggih dinten poenika oegi.”

„Ija, Hastjarja, akoe njangoni slamet.”

„Koela noewoen inggih, kapoenði. Kapareng abdidalem koela biḡal?”

„Ija.”

Boten katjarijos lampahipoen ing margi, sadoemoegining doesoen Mataoen, sampoen pinanggih ingkang raka saha bijoengipoen, sami bingah ing manah, éndjing sonten tansah rembag gegoedjengan. Tetijang ing doesoen ngrikoe kaṡah ingkang sami tindjo, gilir-goemantos, martosaken kawontenanipoen Hastjarja wonten ing nagari.

Ing wantji sonten kalanipoen sami djedjagongan kalihan tetijang kaṡah, Radèn Sinarawita dawoeh dateng ingkang raji, temboengipoen: „Adi, kowé adja lawas-lawas ana ngomah, noeli balia menjang Pradja, sarèh déné wis paḡa ketemoe slamet. Sanadyan si-adi wis oléh palilah, samengko daktoendjoeng bali, awit kanggep-

ing panjoewitamoe, akoe lan bijoeng, ora kawasa amoerba. Akoe oega weroeh jèn saiki kowé doeroeng mangsané bali, nanging kang mangkono ikoe ora ndadèkaké sabab apa-apa mandar moe-woehi santosa pangidèping soewitamoe, ora liwat iki ana tembang pangkoer soerasa moelang marang awakmoe, akoe moeng saderma noelaraké, rehning iki temon saka boekoe tinggalané bapak. Eling-élingan adja lali."

1. Ngoengkoerna mring kasoedaman,
 madep marang kajoewananing ngoerip,
 boga lan néndra siningkoer,
 sedy a tanpa roebéda,
 loepoet saking karti sampékaning moengsoeh,
 satiba-malanganéja,
 kinèringan ing sesami.
2. Wité sing tjita nirmala,
 basa tjita jaji tegesé ati,
 nirmala resik rahajoe,
 dénira moerwèng angga,
 jèn mangkono lelakonmoe jekti loepoet,
 saka ing pangira-ira,
 roebed roebédaning ngati.
3. Kalakoné tjegah loeba,
 sakabèhing kareman kang linoewih,
 sabab ikoe anenoentoen,
 marang doerbala tjipta,
 béda lawan kang nganggo sarating patoet,
 kalawan doega prajoga,
 kaja tan toemekèng nistip.
4. Dadiné saking oetama,
 para-marta tantjebing welas-asih,
 tjentjeming tyas kadya madoe,
 masah amasoeh tjipta,
 woes tartamt oe jaji sira bakal antoek,
 sih kawelasaning djagat,
 jèkoe kabagjaning oerip.
5. Kang minangka sambékala,
 doeka tjipta kanistaning pamboedi,
 lah sapa kang soedi niroe,
 roepaning kasoedaman,
 soemawana doeka-tjipta ikoe kasboet,
 tanda patra liroe nama,
 makan anggané pribadi.

Poen Hastjarja tanggap wasitaning raka, noenten pamit dateng bijoeng, kekalihipoen ngilani. Njai ageng ngantos tebih anggènipoen njawang lampahing anak, sarwi angoesapi loeh. Boten katjarijos ing margi, lampahipoen Hastjarja doemoegi ing Pradja ndjoedjoeg Kapatihan pinanggih soewoeng, awit rekjana Patih ngandikan ing Sang Praboe, wonten ing patamanan. Hastjarja ladjeng ngaso ing pondokan satjelaking dalem Kapatihan.

Sigeg ingkang saweg ngaso, katjarijos Sang Praboe ingadep rekjana Patih wonten ing patamanan, tansah ngandikakaken akiring Pradja, saha ndawoehaken wangsiting pasoepeenan, dawoehipoen:

„Kawroehana patih, maoe bengi ingsoen antoek wangsit, sarèhning wis toemeka ing mangsané bakal asoring djoerité Adipati ing Blambangan, kowé koedoe noeli miwiti tata-tata sikeping prang, apa manèh roemanti sangoe panganing pradjoerit.”

Oendjoekipoen kjai Patih:

„Kawoela noewoen inggih, menggah saking karsa dalem ingkang Sinoehoen, sinten abdi-dalem pradjoerit ingkang minangka sénapatining prang?”

„Anoe patih, manoe ing gaib, kang wadjib dadi sénapatining prang botjahmoe si Hastjarja, nanging rèhning ikoe botjah anjar, prajogané bésoek dina Kemis iki ingsoen nedja nari marang botjah-botjah pangareping tamtama, sapa kang kedoega dadi sénapati, ngloeroeg menjang Blambangan. Déné jèn woes ingsoen-dawoehaké, woesana ora ana kang wani, gampang ingsoen matah marang si Hastjarja.”

„Kawoela noewoen inggih, kaloehoeran dawoehdalem toer boten ngatawisi jèn pinidji.”

„Ja wis patih moeliha sarta pikiren!”

„Kawoela noewoen, inggih sandika.”

Saoendoeripoen rekjana Patih saking ngarsa dalem doemoegi dalem Kapatihan, Hastjarja sampoen wonten ing pasowanan; soemerep rawoehipoen rekjana Patih, ing semoe sampoen njakoep wosing perloe katimbangan, oelatipoen padang sadjak boten wegah nglampahi dawoeh, nanging sinamoen ing oelat mèsèm. Rekjana Patih oegi tanggap ledjaring manahipoen Hastjarja. Sasampoening satata lenggah aso, noenten ndangoe dateng Hastjarja, pangan-dikanipoen:

„Kowé Hastjarja, bagéa satekamoe.”

Atoer wangsoelanipoen ingkang kadangoe:

„Koela noewoen inggih, berkah dalem, wiloedjeng.”

„Kaprijé wartané bijoengmoe lan kakangmoe?”

„Koela noewoen, inggih sami wiloedjeng.”

„Soekoer ta jèn mengkono, nanging ja géné doeroeng tekan mangsané kowé wis bali.”

„Koela noewoen inggih kasinggihan, rèhning sampoen sami pinanggih wilodjeng, dados boten perloe abdi dalem koela lami-lami wonten ing doesoen.”

„Ija, nanging apa ora gawé gelané sing pada kotinggal?”

„Koela noewoen boten, malah sami ndjoeroengaken.”

„O, ja wis; kadjaba saka ikoe, kowé maoe sadjak mèsam-mèsam ikoe sing ko-batin apa?”

„Boten sanès amoeng nggagas bab soeboer kasiling tijang nenanem.”

„Ingatasé tetandoeran baé kok nganti gawé èsem ikoe gèk tandoeran apa baé?”

„Inggih toemrap taneman poenapa kémawon, bilih tanpa dhangir poenapa malih tanpa raboek, mestèkaken lepat asilipoen.”

„Ija kok bener! bareng toemrapping manoesa apa ja perloe dihangir, gèk kaprijé pandangiré?”

„Koela noewoen, ing pandoege makaten: toemrap para abdi dalem pradjoerit oetawi para prijantoen panindak pradja, jèn badé kenjataan pandangiripoen, kedah kapasrahana padamelan ingkang awrat-awrat, soemerep pedes asin, legi-paiting raos; wondéning raboekipoen, kenjataan anggèning boten saged tanggap dateng pepaésaning warni poenapa déné lambat aloesing wasita.”

„La oepama kowé déwé kadjibah nampa dawoehing bandara, kang loewih abot sarta banget gawaté apa mesti kolakoni?”

„Sampoen ingkang oepami, nadyan inggiha pisan boten badé soemingkir, sok oegi mawi wewaton ingkang leres toemrapping ngakatah.”

„Ija nganggo waton bener, nanging bareng kolakoni, roemasa ora katjonggah oetawa ora koewawa, apa kowé perloe bali matoer ing bandara, bab gawating lakoemoe?”

„Boten perloe, aloewoeng wangsoel aran tinimbang wangsoel matoer ing bandara, bab gawating lampah; ingkang kaping kalih boten èngèt dateng kasagahanipoen pijambak nalika nampi wadjib jèn makaten”.

Satelasing atoeripoen Hastjarja, rekjana Patih paring dawoeh doemateng tjarik, ndawoehaken pangandika-dalem Sang Praboe, béndjing dinten Kemis, para magangan foewin tetindihing pradjoerit saandahanipoen katimbangan ngalempak ing pasowanan. Sampoen katjekap ingkang nampi dawoeh, wradin boten wonten ingkang kalangkoengan.

Kaleres dinten Kemis éndjing, ngalempak kang para prijantoen saha pradjoerit sapanta-panta manoet golonganipoen pijambak-pijambak, andèr ing pasowanan. Sang Praboe mijos, ndawoehaken

timbangan perloening para magangan saha tetindihing pradjoerit saandahanipoen sami katimbangan. Rekjana Patih kinèn ndawoehaken timbalan dalem, dawoehipoen: „Ngemban timbalan dalem, sampéjan-dalem ingkang Sinoehoen, sarèhdéné wis watara taoen lawasé, Adipati Blambangan tetep nggoné mbaléla, saiki nedya diloeroegi manèh. Kang mangkono maoe akoe wadjib ndangoe marang para magangan sarta marang para pradjoerit sing tjilik-tjilik, sapa kang wani dadi pangarep [sénapati] ngloeroeg njekel Adipati Blambangan, nadyan katjekel mati wis ora dadi sabab, waton ana pratandaning bojongan. Déné para tetindihing pradjoerit adja pada seling-soeroep ing panampa moenggoeh dawoeh iki maoe kabèh.”

Sadaja para magangan saha para pradjoerit, mireng dawoeh makaten poenika, boten wonten ingkang poeroen dados sénapati, satemah saor-manoe narimah dados pradjoerit djadjar. Sang Praboe saha rekjana Patih tansah toemolèh mawas dateng Hastjarja, katàh para pradjoerit magangan mingser saking panggénanipoen, soeprandéné poen Hastjarja boten éwah saking panggénan. Sang Praboe asoeng wasita doemateng rekjana Patih, poen Hastjarja ing ngandikan madjeng. Ingkang sami mireng sarta soemerep adjenging Hastjarja, sanget anggèning goemoen, badé wonten karsa poenapa déné nimbali laré magangan golongan énggal.

Rekjana Patih paring dawoeh dateng Hastjarja, awit saking timbalan dalem Sang Praboe, pangandikanipoen:

„Hé Hastjarja, saka dawoeh timbalan dalem sampéjan-dalem ingkang Sinoehoen, dina iki kowé kawisoeda tetep dadi sénapati kang mangarepi pradjoerit sing bakal diloeroegaké menjang Blambangan. Wenang mranata lan meréntah kang kowadjibi, sarta kaparingan djeneng Pradjoerit Mataoen.

Ingkang nampi dawoeh moendjoek sendika. Boten dangoe ingkang Sinoehoen djengkar, kondoe ngadaton. Pasowanan noenten bibaran. Rekjana Patih saben dinten tansah mitipriksa sarta roemantos praboting prang.

Katjarijos doemoegining dinten bidaling pradjoerit, katàh para prijantoe loehoer paring pangèstoe dateng Hastjarja, pakoermatan nelas, samargi-margi angsal pahargjan saking tetijang alit ing padoesoenan saha tetijang paredèn ingkang kalangkoengan. Pradjoerit ingkang kaloeroegaken dateng Blambangan tjatjahipoen namoeng 500, nanging ladjeng katàh tetijang alit labet dateng Hastjarja, awit Hastjarja misoewoer saé ing boedi, satemah sami ndanakaken banda lan njawanipoen. Tetijang èstri ingkang sami katilar lakinipoen ndèrèk ngloeroeg ing Blambangan, boten wonten ingkang njegah, malah sami djoe-moeroeng. Samargi-margi Hastjarja sanget nggènipoen memoe-roek dateng prikantja traping lampah kaoetamèn, kasantosan,

kawaskitan. Sadaja tanggap ing wasita, satemah sami prasetya sabaja pedjah, boten badé ngoetjirèng joeda.

Lampahing pradjoerit nandoekaken gencing dananipoen, prasat boten ngétang kekiranganipoen pijambak tansah soeka teđa dateng tijang alit. Doemoegi kikising nagari Blambangan, Pradjoerit Mataoen dawoeh kèndel atrap pasanggrahan, aso salebeting 5 oetawi 10 dinten.

Tetijang alit ing wawengkon Blambangan soemerep pambek-aning Pradjoerit Mataoen sakantjanipoen, satemah medal sih katresnanipoen, saha mbijantoe loemebet dados pradjoerit toemoet pradjoerit ing Padjang, ngantos maèwoe-èwoe, sami mbekta sangoe pijambak-pijambak damel gambiraning pradjoerit 500 ingkang saking Padjang waoe.

Sinigeg ingkang masanggrahan, mangsoeli Radèn Sinarawita saha Njai ageng ing doesoen Tawoen, mireng pawartosing ngakatah, bilih adinipoen Hastjarja sampoen kawisoeda dados tetin-dihing prang nami Pradjoerit Mataoen, sarta linoeloetan déning tetijang alit sakantjanipoen pijambak, adamel bingahing Njai ageng toewin Radèn Sinarawita.

Anoedjoe satoenggiling dinten wantji éndjing, Radèn Sinarawita djagongan kalihan Njai ageng ngginem lampahing Hastjarja. Rembagipoen Njai ageng makaten:

„Kaprijé ta enggèr, moenggoeh kabegdjané adimoe koewi apa ora dadi kemèrené kantja-kantjané, déné doeroeng sapira lawasé teka pasowitané woes olèh kanoegrahaning Ratoe?”

Wangsoelanipoen Radèn Sinarawita: „Bijoeng sampejan boten perloe manah makaten, djer poenika lelampahanipoen adi sampoen tinakdir déning ingkang moerba, oetawi pédah poenapa bapak Kjai mbanter kasoetapanipoen, ngantos doemoegi bijoeng saha koela tansah ngladjengaken lelampahanipoen bapak Kyai. Malah koela mireng wartos bebaratan, oedjaring bakoel sinambi wara, satampining wisoeđan ladjeng kaangkataken biđal perang nedya njepeng Adipati Blambangan awit mbaléla ing ratoe. Katrijos samangké poen adi sakan-tjanipoen sampoen masanggrahan wonten kikising Blambangan.”

É,é laé, dadi adimoe saiki wis tekan Blambangan, gèk gawané pradjoerit ana pira?”

Mitoeroet dawoeh bektan saking Pradja namoeng pradjoerit 500, nanging doemoegi ing Blambangan pradjoeritipoen langkoeng 5000, awit saking sih katresnanipoen tetijang alit padoesoenan saha paredèn labet dateng adi, toer sami roemantos sangoe teđa pijambak-pijambak. Boten ngamoengaken tetijang ing bawah Padjang kéma

won, nadyan tetijang bawah ing Blambangan kajah ingkang sami labet."

"La saiki saka pamrajogamoe kaprijé?"

"O, makaten bijoeng, koela enget welingipoen bapak Kjai nalika taksih soegeng kirang 3 dinten adjalipoen."

"Ija kaprijé welingé? Mara takroengokné."

"Enggèr, larakoe wis ora kena ditambahi, moeng welingkoe, iki bijoengmoe woes meteng 3 sasi, samangsa-mangsa lahir lanang lan ing bésoek bisa mleboe dadi pradjoerit ing Padjang toemeka diloeroegaké, saboekkoe tjindé kang ana ing peti koewi gawakna, adimoe gawanana djaran wédok si Loetoeng ikoe minangka toeng-gangané. Déné jèn menang djoerité koeboerkoe elihen manèh menjang Plémbangan kana, nanging kowé wa djib ngembani adimoe."

"Jèn mangkono koewé bakal noesoel adimoe."

"Sampoen mesti bijoeng, boten langkoeng bijoeng ingkang kentjeng panoewoenipoen, angsala margining gampil panjepenging mengsah."

"Ija enggèr, manoet sarembogmoe, lan kabèh ikoe akoe pasrah marang kowé."

Radèn Sinarawita tranginas mendet saboek tjindé sarta ngabah-abahi poen Loetoeng katoentoen datang Blambangan. Wasana lampahipoen kadengangan tijang ing doesoen ngrikoe, watawis tijang 50 sami ndèrèkaken. Ing margi boten katjrijos, doemoegining pasang-grahan sampoen saged pepanggihan lan adinipoen, sami rangkoel-rinangkoel. Ingkang raka dawoeh sabab-sababing noesoel, satemah dados soekanipoen ingkang raji, noenten kekemboelan dahar.

Anoedjoe satoenggiling dinten, Sang Adipati Blambangan mijos ing pagelaran, ingadep para najaka pepak andèr. Sang Adipati ndangoe tata-tentreming pradja wiwit bibaring prang amengsah oetoesan ing Padjang. Atoeripoen Patih:

"Goesti, angsal pangèstoe dalem, saking pamrasoedinipoen para abdi Mantri-Wadana pradjadalem ing Blambangan sakalangoeng karahardjan mewahi kaloeboeran dalem."

Sang Adipati ngandika:

"Ija, kadjaba ikoe Patih, tjoba djarwanana impènkoe maoe bengi."

"Koela noewoen sandika, soemangga moegi kadawoehna soepados kamirengan para noedjoem."

"Sadjroning padésan wawengkon Blambangan kang tembing koelon daksoepenakaké, katiban remboelan. Ora soewé akèh banget lintang kang pada roentoeh ngepoeng remboelan maoe. Akoe arep njedak kapangkalan srengéngé, saking adrenging kersakoe meksa arep njedaki, nanging ora bisa. Ora soewé akoe katradjang

bandjir getih, kongsi goelagepan, bandjoer nglilir. Lah keprijé Patih, moenggoeh wardiné?"

"Goesti babaring pasoeopenan poenika dédé koela ingkang wadjib ndjarwani, kadjawi ki pangoeloe ingkang madjibi."

"Ija wis menenga Patih."

"Koela noewoen inggih sandika."

"Pangoeloe, tjoba djarwakna impènkoe maoe."

"Ki pangoeloe matoer."

"Inggih émé-déméd bilih kaleresan."

1e. remboelan koela djarwani, prijantoen oetoesaning Ratoe.

2e. lintang-lintang djarwanipoen kantja panoenggilaning oetoesan, ingkang kagolong boedi marta-tama, sabab mendet padang ing remboelan, lintang mboten karaos benter toemrap djasating manoesa.

3e. soerja ingkang ngalangi margi, wisajaning oetoesan ingkang badé nanggoelangi boedi angkaramoerkaning lijan.

4e. bandjir rah ingkang ngelèbi sarira dalem, angèmpéri doemawahing apesipoen sarira dalem.

Saweg kèndel atoeripoen ki pangoeloe, kasaroe pisowanipoen demang tamping, minggah ing pasowanan. Sasampoening aso satata linggih, ki Patih noenten ndangoe:

"Ana gawémoe apa demang tamping, déné lakoemoe gegantjangan, kringetmoe dléwéran. Apa ana karoesak-aning wewengkonmoe katradjang kali bandjir oetawa goenoeng goegoer? mara énggal matoera!"

Atoeripoen demang tamping:

"Koela noewoen inggih kjai loerah Patih, mila koela gegantjangan sowan, ngatoeraken tiwas, salebiting siti pawengkon-koela wonten oetoesan saking Padjang, adamel grija pasanggrahan kalangkoeng ageng, sarta roemantos dedameling prang."

"Kaprijé soemoeroepmoe jèn ikoe oetoesan Padjang? Apa wis kok njatakaké déwé?"

"Njatakaken pijambak koela noewoen dèrèng, kadjawi saking rembagipoen tetijang alit."

"Sabab apa ora ko-tjegah?"

"Njegah pikadjenganing pradjoerit Padjang malih, sageda, atijang njegah pikadjenganing tijangipoen pijambak boten katjonggah, malah angiwi-iwi toemoet reréntjang sedjaning mengsah."

"Sabab apa bisa kalakon mangkono?"

"Tetijang alit katah kaliren, sami gegrija ngandap kekadjengan ageng, ladjeng kaloebéran genging danani-

poen pradjoerit Padjang. O, sampoen kados ketèk andoem wowohan."

Sapa sing dadi tetindihing pradjoerit, lan pira tjatjahing pradjoerit kang dinoeta?"

Tetindihipoen nama Hastjarja katelah nama Pradjoerit Mataoen, mbekta pradjoerit 500, nanging samangké langkoeng 5000, sabab samargi-margi tansah angsal bijantoe saking tetijang bawah Padjang saha Blambangan."

Wongmoe ana pira sing kèloe mrono?"

„Namoeng tijang kalih dasa."

„Koewi sing genah kèloe, la déné moeng sitik.

„O, boten makaten kjai loerah, tijang kalih dasa ingkang koela atoreraken poenika waoe, tijang ingkang boten kèloe, sabab sami pedjah sareng kala waoe éndjing, djalaran kaliren."

„Hèh demang édan sing kaja kowé, patoeranmoe ora genah; menawa kowé déwé miloe ngoental danané wong Padjang."

„Ngoental boten, amoeng grija sarta pémanahan koela sampoen kawedalaken saking gantosan."

„Ah! wis! minggata! wis adja katon ing mata!"

Saoendoeripoen demang tamping, ki Patih atorer oeninga ing Sang Adipati, jèn wonten mengsah saking Padjang ndatengi malih, sarta samangké sampoen sami masanggrahan ing kikising nagari Blambangan, katàh sanget tetijang réréhan ing Blambangan sabijantoe pasrah saha labet sabaja-pedjah dateng pradjoerit Padjang.

Sang Adipati sanalika doeka sanget dateng asoring boedinipoen tetijang alit ing Blambangan ingkang sami kèloe mengsah. Ki Pangoeloe boten kasoepèn pasopenanipoen Sang Adipati ingkang nembé kadjarwakaken, pangoenandikanipoen: „Hèh, kiji pepoetjoek-an kang bakal ngroesak keloehoerané Sang Adipati, tjtjog karo pasopenané. Moenggoehing akoe, loewih betjik noengkoel; isin, sing diisini apa? Djer kabèh-kabèh iki saka salahé déwé. Tjoba-tjoba takatoerané."

Atoeripoen ki Pangoeloe: „Kawoela noewoen Sang Adipati."

Adipati: „Apa Pangoeloe.

„Badé atorer koela moesi tinebihna ing saroe sikoe, déné tjoemantaka kamipoeroen atorer pamrajogi bok bilih ginalih leres."

„Ija kaprijé? Tjoba matoera!"

„Saking pamrajogi koela, poenapa boten saé Sang Adipati noengkoel srananing aris, angènetana pasopenan ingkang nembé koela djarwani, raosipoen tjtjog sanget, tjobi kagaliha ingkang sarèh. Soemoejoeding

tetijang alit ingkang dédé pradjoerit, mratandani dawahing lintang-lintang angroboeng remboelan; remboelan wahananipoen tetinđihing oetoesan."

Doemoegi samanten Sang Adipati ndawahaken dedoeke, sarta noenđoeng ki Pangoeloe, pangandikanipoen: „Hèh Pangoeloe kang tjoepet ing nalar, apa kowé ngira jèn akoe pratjaja marang tjatoermoe sing mintjak-mintjoek, kowé ngakoe patitis, kowé ngakoe terang ing pamboedi? Kadjaba patitising panasaran, terang ing boedi asor akoe pratjaja. Wis minggata."

Ki Pangoeloe ladjeng medal teroes mantcek wewartos dateng anak sémahipoen, kaadjak késah ngoengsi. Sang Adipati noenten dawoeh doemateng Patih maréntahaken pradjoerit satata dedameling aprang. Ingkang nampi dawoeh ladjeng naboehe tengara bendé ngoengkoeng boten wonten kéndelipoen. Para pradjoerit sami biloeloengan kagèt mireng oengeling bendé.

Sasampoening roemantos, ladjeng ngalempak satengahing aloen-aloen. Sadaja prijantoen pepak ngagem kapradjoeritan sapanta-panta, Sang Adipati nitih toerangga sinongsongan sakalangkoeng galak pasorjanipoen.

Oentaping wadya-bala kinanda kadi semoet loemampah wonten ing sèla, sinawang kang para pradjoerit sadjoeroe-djoeroe, kang boesana sarwa petak kempal, kados koentoel aneba, kang boesana sarwa tjemeng kempal, kadya dandang reraton, soewaraning tetaboehan, kabaroeng pangriking koeda, krapyaking watang gatik, koemelaping bandéra rontèk katempoeh ing angin, oeleking bledeoeg mangampak-ampak, sapandeleng boten soemerep ing margi, katah para pawèstri pating djlerit nangis sabab sémahipoen taksih nandang sakit kapeksa toemoet biđal prang, sawenèh njoeroeng grobag, ngrembat tetedan lan sanès-sanèsipoen. Sigeg.

Pradjoerit Mataoen nalika ing wantji daloe, katimbangan déning ingkang raka Radèn Sinarawita pijambakan, boten wonten kantja sanèsipoen ingkang soemerep.

Sinarawita: Ađi, kowé dakdjarwani, sang Adipati Blambangan ikoe wong sekti, ora teđas gegaman, moelané saka pratikelkoe, si ađi sésok noengganga djaran si Loetoeng lan njangkinga saboeke tjindé kijé déné perloené, jèn sésok kowé ađep-ađepan lan Sang Adipati sing waspada, pikirmoe sing tetep, ora-orané jèn kena gegamané, awit dèwèké kawekèn banget ora bisa namakaké gegamané, djalaran saka gambiraning djarané, djenengé Gagak rimang, ikoe lanang, gedé ja doewoer, moelané kowé dakgawakaké djaran wédok si Loetoeng, arahen Sang Adipati goeloené kena kolong tjindé iki, jèn wis kena noeli sendaïen, mastèkaké dèwèké tiba, djaranmoe getaken karbén njongklang, ing kono Sang Adipati nemahi mati sabab katoedjah-toedjah djarané dèwé".

Pradjoerit Mataoen sampoen njakoep dawoehing raka, éndjingi-poen tata-tata rerakit pirantos badé loemebet ing kita, sakedap rampoeng para pradjoerit sami mangkat, lampahipoen pepérangan, sapanta medal sisih lèr, sapanta sisih kidoel. Satengahing loemampah kapapag wadya ing Blambangan. Dilalah wadya Blambangan ningali katahing pradjoerit Padjang, satemah giris boten poeroen loemawan perang, sami loemadjeng sapoeroeg-poeroeg. Soeraking pradjoerit Padjang kados soewaraning gloedog tetoendan.

Sang Adipati lingsem sanget katilar para kawoelanipoen satemah ngetap titihanipoen naradjang barising pradjoerit Padjang, katah ingkang pedjah. Kaleresan ingkang dados tetamènging Padjang tetijang saking Blambangan, dados katahing pepedjah poenika inggih tijang Blambangan. Pijaking pradjoerit katradjang Sang Adipati nitih koeda katingal sentoek-sentoek pradjoerit Mataoen noempak kapal èsteri. Gagakrimang soemerep poen Loetoeng ladjeng gambira sanalika njlentik, noedjah, nggéwar boten kendat, kalimpé sakedik Sang Adipati kénging kolongipoen pradjoerit Mataoen, kapal ginetak sareng panjendaling kolong tjinde. Sang Adipati dawah saking kapal kalarak-larak déning pradjoerit Mataoen. Gagakrimang oetjoel noedjah-noedjah Sang Adipati; toer gambiraning Gagakrimang namoeng perloe badé tjelak poen Loetoeng kapalipoen pradjoerit Mataoen.

Sang Adipati boten koewawa nahan sakiting sarira, énggaling qjarijos doewoeng ligan ingkang kaasta, kasawataken pradjoerit Mataoen, woesana angènging lempèngipoen Gagakrimang, sanalika ambroek, ngebregi Sang Adipati, dados sédanipoen Sang Adipati Gagakrimang oegi pedjah. Wondéné pradjoerit Mataoen ladjeng mandap saking toempakan njelaki lajonipoen Sang Adipati. Pradjoerit Padjang soerak mawoerahan.

Patih Blambangan woeninga sédaning Sang Adipati noenten dawoeh mbongkoki dedamel noengkoel ing Padjang, sadaja marek dateng Pradjoerit Mataoen.

Radèn Sinarawita dawoeh dateng ingkang raji nampènana panengkoelipoen Patih Blambangan, kantanda dedamel bongkohan. Pradjoerit Mataoen matoer ing Patih Blambangan nganggé temboeng angarih-arih; atoeripoen:

„Ki Patih, pandjenengan sampoen asrah bongkohan, inggih koela tampi kanthi bingahing manah, lan boten perloe was ing panggalih, manawi dados doekanipoen sampéjan dalem ingkang Sinoehoen. Béndjing koela pi-jambak kénging kanggé wot; namoeng atoerkoela ing pandjenengan:

1e. poenika lajonipoen Sang Adipati moegi énggal dipoen-oepakaraa kados tjara-tjaranipoen leloehoer ngriki.

- 2e. sarampoenging pametak, pandjenengan énggala kon-
doer wangsoel datang kita, atoer woeninga ing
ngarsanipoen para Poetri garwanipoen Sang Adipati,
sarta sami pandjenengan bojongi datang Padjang.
- 3e. ing kita soepados kadjagia, toegoeran rintendaloe
gegentosan.
- 4e. angkating bojongan pandjenengan koela-atoeri me-
ngadjengi, sarta boten perloe sesarengan koela, prajogi
bidal roemijin.

Inggang nampi atoer ladjeng maréntahaken doemateng poeng-
gawanipoen. Wondéning Pradjoerit Mataoen sakantjanipoen sami
wangsoel datang pasanggrahan ngaso nglerepaken sajahing sarira.
Wonten ing pasanggrahan para pradjoerit anggenipoen soeka-soeka
boedjana noetoe, boten-wonten inggang toekar paben, oetawi
loemintoening dana tansah adamel seneng soemoejoeding tetijang
inggang kemlaratan saha tetijang sanèsipoen.

Ki Patih sasampoening metak lajonipoen Sang Adipati, angoen-
dangaken wangsoel datang kita, doemogining kita ndjoedjoeg
ing dalem kapoetrèn, atoer woeninga sédanipoen Sang Adipati,
satamah sami moewoen, Ki Patih nglelipoer para poetri waoe
sarta katah-katah atoeripoen, satamah para poetri garwanipoen
Sang Adipati saged sami lipoer saha manoet dados bojongan.
Sadaja abdi emban ndikakaken nata agem-ageman nedya kabekta
dateng Padjang. Ki Patih pamit moendoer badé matah doemateng
prijantoen inggang kawadajiban tetoegoeran. Sang poetri nglilani.
Para prijantoen inggang kapatah toegoer sampoen sami kapidji
pijambak-pijambak. Saladjengipoen ki Patih kondoe ing dalem
paring wartos asoring joeda, saha dawoeh badé datang Padjang
ndèrèkaken poetri bojongan.

Tjekaking tjarijos ki Patih ladjeng dawoeh datang tetijang
inggang kadjibah ngrembat tandoe saha barang-barang sanèsipoen.
Bidalipoen saking Blambangan wantji éndjing, lampahipoen nglang-
koengi pasanggrahanipoen pradjoerit Padjang dados sawatawis
saged koermat datang lampahipoen ki Patih.

Pradjoerit Mataoen inggang taksih wonten pasanggrahan oendang
bidal mantoek datang Padjang, ngiras pantes ndèrèkaken kon-
doeripoen inggang raka Radèn Sinarawita datang doesoen Tawoen.
Para pradjoerit toemandang mepakaken dedamel, déné grija pa-
sanggrahan kaparingaken datang demang tamping doesoen ngrikoe.
Tetijang Blambangan inggang sami labet, boten kalilan ndèrèk
dateng Padjang, mindak njoewoengaken doesoenipoen pijambak-
pijambak. Wangsoeling pradjoerit Padjang samargi-margi tansah
angsal koermat boten béda kalanipoen bidal ngloeroeg datang
Blambangan.

Pradjoerit Mataoen sakantjanipoen koermat mantoekipoen Radèn
Sinarawita, doemoege ing grija manggib kasoeshan awit Njai

ageng sakit sanget, djinagi déning tetijang tangga-tangganipoen. Kagèting Njai ageng anakipoen kekalih mantoek, ndadosaken adjal. Radèn Sinarawita ngrangkoel ingkang raji sarta dawoeh moepoesa pepestèning Hjang kang Maha Soetji. Lajon noenten kaepa-kara sarta kakoeboer wonten ing Poendjer.

Ing wantji daloe pradjoerit Padjang sami kapondokaken pijambak-pijambak sabab grijanipoen roepak sanget, toer oepami agenga pisan inggih boten njekapi. Èndjingipoen Radèn Sinarawita neda pitoeloenganipoen tetijang doesoen ngrikoe angelih koeboeranipoen Kiang Mataoen [Ketawang] kapindah datang koeboeran Setana [Plémbangan]. Tetijang sami toemandang mindah koeboeran, tatatjaranipoen kados déné nalika adjalipoen. Para pradjoerit Padjang wonten doesoen ngrikoe kasoeba-soeba, sarta lerep malih mesakaken anggènipoen kasripahan Radèn Sinarawita lan pradjoerit Mataoen [Hastjarja]. Sigeg.

Katjarijos noedjoe ing dinten Senèn Sang Praboe Padjang mijos siniwaka ing sitibentar, sinéba para najaka ingkang sami terang ing boedi, damang sakatahing kawroeh agal-aloes, sarta sami sajoek roekoeng ngangkat pakarjaning Ratoe. Rekjana Patih sampoen soeméwa ing ngahjantara Nata, tanggap titis semoening wadana déning Sang Praboe kataman doehkitaning drija, mila ingkang sami soeméwa ing pagelaran kèndel rep sidem premanem boten wonten sabawaning walang salisik; godonging kekadjengan boten ébah, angin boten loemampah. Amoeng soewaraning peksi grédja sadjoé ingkang tansah iber ojak-ojakan kaleres loehoering palengghanipoen Sang Praboe. Boten dangoe peksi grédja sadjoé waoe pedjah sareng doemawah ing ngarsanipoen Sang Praboe Sanalika imbal watjana.

Sang Praboe: „Kagèting marasingsoen welas marang patiné manoe iki, apa sira kakang Patih bisa djarwa pepiridan ngèmperi bakal lelakon dina ing bésoek-bésoek, mara tjoba jèn bisa matoera kang tjéta.”

Patih: Kawoela noewoen inggih sandika, nanging radi ngoe-tjiwani sakedik, déning raosing manahipoen abdi dalem kawoela, kados boten saged anjirnakaken koewatosing lelampahan ingkang badé doemawah. Pasemoning paksi gridja sadjoé pedjah sasarengan poenika, pémoet anjegah karsadalem ingkang badé linampahan. Mila bilih leres, sampéjan dalem kagoengan karsa perloe sarta mesti badé kadawahaken doemateng para kawoela sadaja, sadèrèngipoen kasaringa roemijin, langkoeng-langkoeng manawi sampéjan dalem badé djengkar tedak datang ing poendi-poendia pamrajogi kawoela saé kasandèkaken.”

„Ija Patih sadjatiné mangkono, nanging sarèhné tedakingsoen bakal tindjo apa ja ndadèkaké sabab?”

„Goesti, sadaja oendjoek atoreripoen poen patih, namoeng loegoe njoewoen sandéning tedakdalem dados boten pilih-pilih ingkang katoedjoe ing karsa panggalihdalem.”

„É, la, kaprijé Patih déné banget panjegahmoe, mangka kersaningsoen tan ora dina kijé mesti tedak marang pasaréan Padjang (Lawéan) arsa soengkem Kangdjeng Pangéran Dadap Toelis; ki Diradameta kang bakal soen titihi, soepaja gèk diprèntahaké. Kang kapindó: samangsa Pradjoerit Mataoen teka olèh gawé, betjik dawoehana ana pradja, bojongané pasrahna kang madjibi.”

Rekjana Patih nampi dawoèh énggal paréntah doemateng para wadjib pijambak-pijambak ki Diradameta sampoen roemakit saha soemadja ing plataran. Wijosipoen Sang Praboe ginarebeg para inja, emban parekan tjèti sami angampil-ampil oepa-tjara.

Rekjana Patih saha kajah Boepati Najaka ingkang terang ing boedi, sami ndèrèk tedak dalem, sabab roemaos was sanget dateng sarira dalam ingkang Sinoehoen, awit saking ngèngeti pasemon pedjahing peksi gridja.

Mangkana Sang Praboe sampoen rawoeh ing pager pasaréan, risaksana tedak mandap saking titihan, padaran keraos gerah satemah ndjalari sédanipoen. Rekjana Patih saha para Boepati Najaka sanalika soengkawa sarta sami moewoen. Ingrikoe ladjeng kaoepakara. Sarampoengipoen kasarèkaken wonten ing astana Padjang. (*) katelah nama „Datoek Palémbang.”

Rekjana Patih noenten matah Boepati satoenggal kanti Wadana-Mantri ndikakaken noesoel lampahing pradjoerit Mataoen, ing padoesoenan goemoeroeh sanget wartos oenggoeling joedanipoen oetoesan Padjang.

Doemoegi sédanipoen Sang Praboe, tjarijos Padjang kasigeg.

Boepati sapanoenggilanipoen ingkang nampi dawoeh trangginas noempak kapal tjetjongklangan. Wonten ing margi Boepati Padjang kapetoek Patih Blambangan ambekta bojongan. Sasampoening takèn-tinakèn sarta sami matoer perloening lampah. Patih Blambangan sabojonganipoen kaadjak wangsoel dateng doesoén Tawoen, sanalika wangsoel.

Katjarijos doesoén Tawoen, inggih poenika pradjoerit Mataoen (Hastjarja) ingkang lenggah sakantjanipoen nengga gerahipoen Radèn Sinarawita, gerahipoen sangsaja ngranoehi, kajah oesada wangsoel boten toemama, ngantos dados tiwasipoen. Lajon kakeboer dateng Setana (Plémbangan). Dèrèng dangoe sawangsoelipoen ingkang sami saking koeboeran, katoengka raméning tetijang doesoén alok-alok wonten kraman [kètjoe].

Pradjoerit Padjang ingkang sami wonten ing doesoén Tawoen

(*) Malah saladjengipoen pasaréan Datoek Palémbang kapindah kempal ing gedong pasaréanipoen Kangdjeng Ratoe Kalinjamat dateng Kiya ageng.

tjantjoet sikep gegaman njatakaken, wasana sareng sampoen tjelak, njata jèn Boepati oetoesan saking Padjang mangsoelaken Poetri bojongan.

Boepati Padjang, Patih Blambangan saha Pradjoerit Mataoen sami lenggahan tansah mbrebes mili, loeh delèwèran, nggalih roebédaning ngagesang. Sasampoening wartos-winartosan, Boepati saha para pradjoerit wangsoel datang Padjang Patih Blambangan goemantos Adipati, para Poetri ndikakaken mbekta wangsoel datang Blambangan. Saladjengipoen Pradjoerit Mataoen dedoe-noeng ing Tawoen ngantos adjal.

T A M A T.

